



Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 17.2 MILYON DOLA POU RANFÒSÈ SÈVIS SOSYAL  
KI EDE FANMI VILNERAB YO ATENN ESTABILITE FINANSYE**

***Inisyativ Sèvis ki Santre sou Fanmi Gouvènè a sipòte depatman lokal yo ki sèvi  
plizyè santèn milye fanmi ki gen revni fèb atravè New York***

***Yo te anonse inisyativ la pou premye fwa kòm yon pati nan kad diskou sou  
Sityasyon Eta a 2024 Gouvènè a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 17.2 milyon dola nan prim atravè inisyativ Sèvis ki Santre sou Fanmi pou ranfòse sèvis sosyal ki ede fanmi vilnerab yo reyalize estabilite finansye. Finansman sa a pral ede depatman sèvis sosyal lokal yo atravè New York yo anboche plis anplwaye pandan y ap kontinye sèvi plizyè santèn milye fanmi ki gen revni fèb nan tout eta a.

"N ap ranfòse resous enpòtan ki ede Nouyòkè ki gen difikilte yo satisfè bezwen esansyèl yo ak tranzisyon nan sekirite ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou bay depatman sèvis sosyal lokal yo finansman pou anboche plis anplwaye ak ranfòse operasyon yo, nou ka fè plis fanmi soti nan povrete ak antre nan yon avni ki pi briyan."

17.2 milyon ddola yo akòde jodi a gen ladan l investisman nan depatman sèvis sosyal lokal yo nan rejyon yo atravè eta a:

<b>Rejyon</b>	<b>Kantite Lajan</b>
Capital Region	\$1,984,616
Central New York	\$1,653,845
Finger Lakes	\$1,819,235
Long Island	\$1,323,074
Mid-Hudson	\$2,480,767
Mohawk Valley	\$1,323,078
New York City	\$1,157,687
North Country	\$1,323,079
Southern Tier	\$1,653,848
Western New York	\$2,480,771

Yo te anonse inisyativ Sèvis ki Santre sou Fanmi an pou premye fwa nan kad diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 la epi kontinye angajman pwofon Gouvènè Hochul pran pou ranfòse rezo sèvis sosyal la epi retire fanmi yo nan povrete.

Inisyativ la abòde defi povrete nan fanmi an nan asire ke depatman sèvis sosyal lokal yo atravè eta a pral gen anplwaye ki resevwa fòmasyon ki disponib pou bay entèvansyon sible ki sipòte tout fanmi an. Sa gen ladann ede fanmi ki gen bezwen konplèks tankou kondisyon sante mantal, andikap devlopman, pwoblèm itilizasyon sibstans ak moun ki fè eksperyans sanzabri oswa vyolans domestik.

Finansman an pral pèmèt depatman lokal yo anboche ant youn jiska sèt anplwaye apentan ki gen kalifikasyon oswa ki gen eksperyans ki apwopriye, selon gwosè chaj travay konte a. Nouvo anplwaye a pral bay yon seri sèvis jesyon ka ki ta ka gen ladan evalyasyon apwofondi, entèvansyon kriz, navigasyon resous ak sipò ant kanmarad pou estabilize kondisyon kay la, pou site sa yo sèlman.

Depatman lokal yo pral adapte inisyativ yo pou satisfè bezwen inik kay y ap sèvi yo. Gen kèk ki ka chwazi konsantre sou bezwen fanmi ki san kay oswa fanmi ki fè fas ak kondisyon sante mantal, pandan ke lòt moun ka konsantre plis sou ankouraje chemen anplwa. Y ap refere fanmi yo nan pwogram nan dapre kritè ki devlope lokalman.

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance) a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Kòz povrete yo souvan konplèks epi abòde yo mande yon apwòch ki gen plizyè aspè ki adrese bezwen espesifik chak fanmi. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li rekonèt pouvwa inisyativ Sèvis ki Santre sou Fanmi an pou distri sèvis sosyal yo pi byen ekipe pou ede moun kap bay swen yo reyalize estabilite finansye ak byennèt famiyal"

**Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services) an, Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare,** "Nou fyè pou nou kanpe ak Gouvènè Hochul ak tokay ajans nou yo pou kontinye efò pou retire kèk nan baryè estriktirèl pou oto-sifizans ak simonte povrete. Aksè ak sèvis ak sipò ki adrese bezwen debaz yo ka chanje lavi; kidonk gen nesosite pou envesti nan filè sekirite, ki gen ladan plis anplwaye ak fòmasyon. Atravè Inisyativ Sèvis ki Santre sou Fanmi an nou ap elaji ak ranfòse mendèv la ki pral ede fanmi yo ak bezwen konkiran ak irezistib."

**Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Tout Nouyòkè ta dwe gen yon kay kote yo ka viv ak pwospere nan kominote yo. Sèvis enpòtan sa yo ede moun ak fanmi yo avanse avèk siksè ak pi gwo estabilite ak sekirite finansye, ki an retou sipòte byennèt mantal. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li fè li vin yon priyorite nan administrasyon li an pou fanmi nou yo ki nan bezwen yo ka jwenn aksè ak sèvis ak sipò enpòtan sa yo."

**Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Ian, Kelli Owens, te deklare,** "Aksè ak

sèvis sosyal enpòtan yo enpòtan anpil pou sipòte sivivan vyolans domestik yo ak fanmi yo nan vwayaj yo nan direksyon gerizon ak endepandans finansye. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou finansman sa a ki pral ede moun ki nan moman bezwen yo. Asire ke genyen anplwaye sipò ki devwe epi ki resevwa fòmasyon espesyal pou ede sivivan yo ak lòt moun k ap pase nan moman difisil yo montre angajman kontinyèl New York pou sipòte misyon OPDV ki santre sou sivivan yo, ki pran an konsiderasyon twomatiz, epi ki reponn sou plan kiltirèl."

**Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare,** "Kòm Prezidan Komite Sèvis Sosyal Sena Eta New York la, mwen aplodi anons Gouvènè a sou 17.2 milyon dola pou inisyativ Sèvis ki Santre sou Fanmi an. Mwen te sipòte finansman sa a nan Bidjè Ane Fiskal 2024-2025 la paske li pral pèmèt distri sèvis sosyal lokal yo atravè Eta New York yo anboche lòt anplwaye ki resevwa fòmasyon epi amelyore sipò ki disponib pou fanmi ki gen revni fèb yo."

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "New York pran swen pwòp tèt li, sitou nan sa ki gen pou wè ak sipòte vwazen nou yo ki pi bezwen li. Nouvo inisyativ Sèvis ki Santre Fanmi Gouvènè Hochul la pral bay depatman sèvis sosyal lokal yo sipò finansye ki nesèsè pou yo pi byen ekipe yo pou yo anboche manm pèsònèl adisyonèl yo epi bay plis sèvis pou plizyè milye fanmi ki gen revni fèb atravè Eta New York ki konte sou sèvis yo. Envestisman 17.2 milyon dola sa a, ki gen plis pase 1 milyon dolapou Vil New York, se yon lòt prèv sou angajman Gouvènè Hochul, Lidè Stewart-Cousins, ak kòlèg mwen yo nan tou de chanm lejislati a te pran pou yo sèvi ak pouvwa gouvènman yo pou sipòte fanmi ki gen difikilte nan Eta New York yo."

**Manm Asanble Maritza Davila te deklare,** "Antanke prezidan Komite Sèvis Sosyal Eta New York la, mwen devwe pou amelyore ak elaji sèvis esansyèl pou tout rezidan yo; pou yo ka gen aksè ak sipò ak resous yo bezwen pou mennen yon vi ki an sante epiki bay satisfaksyon. Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou sipò li nan bay 17.2 milyon dola bay ajans sèvis sosyal yo ki pral ogmante anplwaye ak zouti ki nesèsè anpil pou kontinye sèvi fanmi ki gen revni fèb yo atravè Eta New York. Se responsablite nou pou asire aksè ekite ak swen sante, lojman, edikasyon, ak opòtinite travay, pou kreye yon anviwònman enklizif pou chak moun ak fanmi. Nou pran angajman pou mete ann aplikasyon politik ki kraze baryè yo epi ankouraje enklizyon, sa ki mande lejislasyon ak finansman."

**Manm Asanble Demond Meeks, te deklare,** "Ak Rochester ki genyen twa nan senk kòd postal ki pi pòv nan tout Eta New York, anpil nan fanmi nou yo ap lite pou yo debwouye yo epi depann de asistans piblik pou bezwen debaz ki pi ijan yo. Nou dwe kontinye ranfòse resous ki ede timoun ki pi vilnerab nou yo ak fanmi yo reyalize estabilite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran yon apwòch global ak fè envestisman ki nesèsè pou amelyore sèvis sosyal esansyèl nan tout eta nou an."

**Direktè Egzekitif Asosyasyon Byennèt Piblik New York, Paul Brady, te deklare,** "Finansman sa a pral bay distri sèvis sosyal lokal yo yon ogmantasyon ki nesèsè anpil epi pèmèt yo pi byen sèvi kèk nan fanmi ki pi vilnerab nou yo nan ede yo simonte baryè

ki genyen pou yo konekte ak sèvis yo bezwen yo. Inisyativ Sèvis ki Santre sou Fanmi an reprezante yon apwòch inovan pou abòde povrete nan fanmi ki souliye enpòtans kolaborasyon kontinyèl ant gouvènman eta a ak gouvènman lokal yo ki benefisye tout Nouyòkè yo."

**PDG United Way of New York City a, Grace Bonilla, te deklare,** "Nan United Way of New York City, nou rekonèt chemen estabilite pou fanmi ki fè fas ak povrete a gen plizyè aspè epi li pèsone anpil. Lè li konsantre sou anbochaj anplwaye ki konpetan sou plan kiltirèl, ki gen kalifikasyon, ak eksperyans, inisyativ sa a asire ke sipò yo bay la alafwa ekspè ak anpati. Fanmi nou yo pa merite anyen mwens pase sa ki pi bon nan swen ki adapte epi reponn. Envestisman Gouvènè Hochul sa a se yon etap enpòtan nan abòde bezwen konplèks kominote nou yo, epi nou fyè pou n sipòte efò enpòtan sa a pou ede fanmi ki pi vilnerab New York yo."

**Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Catholic Charities Family and Community Services Lori VanAuken, te deklare,** "Nou kontan dèske resous adisyonèl ap antre nan kominote nou an pou sipòte fanmi yo pandan y ap travay pou jwenn pi gwo sekirite finansye. Antanke yon ajans ki istorikman te sèvi fanmi k ap viv nan povrete, finansman sa a ka fè yon diferans ki pote transfòmasyon nan lavi moun n ap sèvi yo. Nou pa ka tann pou n kontinye patenarya ak Eta New York ak Depatman Sèvis Sosyal lokal nou an."

**Direktè Egzekitif Albany Community Action Partnership Neenah Bland, te deklare,** "Albany Community Action Partnership te bay sèvis lè l sèvi avèk yon apwòch ki santre sou fanmi pandan plizyè ane. Eksperyans nou kòm yon ajans aksyon kominote souliye efikasite yon modèl sèvis ki santre sou fanmi an. Nou te wè siksè nan adopte yon apwòch de jenerasyon nan sèvis ak nan retou sou envestisman an nan fòmasyon konplè anplwaye yo pou bay entèvansyon endividyalize sible ki gen ladan sèvis konplè ki adrese defi miltip fanmi yo fè fas ak yo. Nou kwè ke apwòch konplè sa a pral estabilize kay ki nan kriz, ankouraje mouvman anvè sekirite finansye, epi asire tout jenerasyon yo resevwa sipò yo bezwen pou yo pwospere."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)